# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–17 नवम्बर 2025** **भोजपुरी समाचार**

सउदी अरब के मदीना में, हैदराबाद के उमराह जायरीन के ले जा रहलि बस भारतीय समय के हिसाबि से बीतल राति डेढ़ बजे के करीब डीजल टैंकर से लड़ि गइलि। येह दुरघटना में बेयालीस लोगिन क मउति हो गइल। बस में पैंतालीस यात्री सवार रहलें। उपराष्ट्रपति सीपी राधाकृष्णन अउर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी हादसा पे दुख जतवले हवें। प्रधानमंत्री एगो सोसल मीडिया पोस्ट में कहलें कि उनकर संवेदना मृतक लोगिन के परिवार अउर प्रियजनन के साथे बा। उहां के घाही लोगिन के जल्दिये स्वस्थ भइले क कामना कइलीं।

**********

सोनभद्र हादसा में मरे वालन क संख्या पांच हो गइल हौ। पनरह नवम्बर के दुपहरिया बाद खदान धंसले से ओइजा कई गो मजुरहा दबि गइल रहलें, जेके बचावे बदे रेक्स्यू ऑपरेसन चलावल जा रहल बा। ऑपरेसन के दौरान काल्हि एगो मजुरहा क सव मिलल रहे। सोनभद्र क जिलाधिकारी चन्द्र विजय सिंह बतवलें कि आजु चारि गो अउरियो सव मिलल। आखिरी समाचार मिलले ले ओइजा रेक्स्यू ऑपरेसन चलत रहल।

**********

दिल्ली क एगो अदालति लाल किला बिस्फोट क आरोपी आमिर राशिद अली के दस दिन के राष्ट्रीय अन्वेषण अभिकरण–एनआईए के हिरासत में भेजि दिहले हौ। एगो रिपोर्ट–

***उमर मुहम्मद नबी के साथ साजिश रचने के आरोपी कश्मीर निवासी अली को आज दिल्ली की एक अदालत में प्रधान जिला और सत्र न्यायाधीश के समक्ष पेश किया गया। अदालत ने एनआईए की हिरासत में पूछताछ की अर्जी स्वीकार कर ली। एनआईए ने कल अली को गिरफ्तार किया था। हमले में इस्तेमाल की गई कार इसी के नाम पर पंजीकृत थी। उसे दिल्ली में एक व्यापक तलाश अभियान के दौरान गिरफ्तार किया गया। इस मामले में उत्तर प्रदेश सहित कई अन्य राज्यों में जाँच और छापेमारी की कार्रवाई जारी है। समाचार कक्ष प्रेम चन्द्र गुप्ता।***

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ में बाबू बनारसी दास विश्वविद्यालय क दीक्षांत समारोह में हिस्सा लिहलें। ओइजा के मेधावी छात्र–छात्रा लोगिन के उपाधि आ मेडल दिहले के बाद मुख्यमंत्री समारोह के सम्बोधित करत कहलें कि आर्टिफिशियल इंटेलिजेंस–एआई आजु क जरूरति बा। उहां के नौजवानन से एआई के इस्तेमाल बदे खास सावधानी बरतले क निहोरा कइलीं।

***हमारे डे टूडे के कार्यों में एक पत्र भी ड्रॉफ्ट करना है तो एआई आपके लिए उपयोगी हो सकता है। बहुत उपयोगी हो सकता है। और मुझे लगता है कि यह आज की आवश्यकता है। लेकिन याद रखना वह आपके द्वारा ही संचालित हो, आप उसके द्वारा संचालित न हों। कोई भी तकनीक होनी चाहिए वह मनुष्य के द्वारा ही संचालित होनी चाहिए, मनुष्य उसके द्वारा संचालित न होने लग जाए। उस खतरे से हमे अभी बचने की आवश्यता है।***

**********

सरदार वल्लभभाई पटेल के एक सौ पचासवां जयंती के मौका पर वाराणसी में भारतीय जनता पारटी की ओरि से आजु पदयात्रा निकारल गइल। प्रदेस क उप मुख्यमंत्री ब्रजेश पाठक आ संसदीय कार्य अउर वित्त मंत्री सुरेश खन्नो एहमें सामिल भइलें। येह मौका पर उप मुख्यमंत्री कहलें कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के अगुआई में केन्द्र सरकार आ प्रदेस सरकार सरदार वल्लभभाई पटेल के कृतित्व के इयादि करत उनकर एक सौ पचासवां जयंती के भव्य तरीका से मना रहलि हौ। एही तहत कई गो जगहिनि पर पदयात्रा निकारल जा रहल बा।

**********

नरेन्द्र मोदी सरकार की ओरि से कई क्षेत्र में जीएसटी दरन में कटउती के साथे बाइस सितम्बर के सुरू कइल गइल जीएसटी बचत उत्सव से देस भर के लोगिन के लाभ मिलि रहल बा। एगो रिपोर्ट–

***नया जीएसटी सुधार किसान, उपभोक्ता अउर उद्योगन के ढेर राहति दिहले हौ। ई सुधार जरूरी क्षेत्र में टेक्स क दर के कम कइ के खरीदारन बदे समानन के ढेरे किफाइती बना रहल बा आ ब्यौपारियन क मोनाफा के बढ़ा रहल हौ। धीव, मक्खन आ आइसक्रीम जइसन उत्पादन पर अब पांच फीसदी टेक्स लगवले से येह समानन क खरीदारी में बढ़ोत्तरी भइल हौ। ओहीं, सहद से जुड़ल उत्पादन पर टेक्स घटा के पांच फीसदी कइले से ग्रामीण आजीविको के मजबूती मिलि रहल बा। नया जीएसटी सुधारन क उद्देस्य ग्रामीण आय में बढ़ोत्तरी, लोकल उद्योग के मजबूती आ उपभोक्ता लोगिन बदे सामर्थ्य बढ़ावल हौ। आकाशवाणी दिल्ली से आदित्य आ अमन यादव के रिपोर्ट के साथे समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।***

**********

अजोध्या में पचीस नवम्बर के प्रस्तावित ध्वजारोहण कार्यक्रम क तइयारी जोरिया गइल बा। येह मौका पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के सथहीं कई गो बिसिस्ट अतिथियन के अइले क कार्यक्रम हौ। एहके देखत स्वास्थ्य विभाग जिला के कई गो अस्पतालन में पचास बेड आरक्षित कइले बा। अजोध्या क मुख्य चिकित्सा अधिकारी सुशील कुमार बनियान आजु पत्रकार लोगिन से बतियावत कहलें कि सहर में बाइस नवम्बरे से पनरह गो प्रमुख जगहिनि पर अस्थायी उपचार केन्द्र बनावल जइहें।

**********

मौसम विभाग बिहने भिन्नहीं के समय प्रदेस में कहीं–कहीं हल्लुकाहे कुहेसा क सम्भावना जतवले बा।

**********